**МУНИЦИПАЛЬНОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ «КАЛИНОВСКАЯ НАЧАЛЬНАЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА»**

| | |
|---|---|
| ПРИНЯТО<br>на педагогическом совете<br>(протокол № 1 от 30.08.2022 г.) | СОГЛАСОВАНО<br>Заместитель директора по УВР<br>______________ Э.Н. Мыжидова<br>31 августа 2022 г |

# Рабочая программа учебного предмета «Литературное чтение на чеченского языке»

## 4 класс

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

Сертификат: 0ACD888C12FD75A062ABD1D64E6C8A8E2B43835B
Владелец: Демхаева Седа Исадиевна
Действителен: с 10.12.2021 до 10.03.2023

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТАРЕТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» курсан чулацам билгалбечу хенахь коьртачу тидамехь ду:

1. Къоман кхетамна мехала долу, йеххачу хенан йохалла — кхузамане кхаччалц – культурехь коьрта меттиг дӀалоцу хӀуманаш (масала, баккхийчаьрга, нене ларам, Даймахке безам, догдикалла, доглазар, нийсо йезар, эхь-бехк, сий, и.кх.дӀ.) Цу коьртачу кхетамашца болх дӀахьо йуьхьанцарчу классийн дешархоша дӀалоцур долчу кепара хаьржинчу нохчийн йаздархойн уггаре а къегинчу, нохчийн литературин а, культурин а башхаллаш кхочушйинчу говзарш тӀехь. И говзарш йовзаро гӀо до йуьхьанцарчу классийн дешархошна къоман культурин ламастех а, нохчийн културех а кхета.
2. Йуьхьанцарчу классийн дешархойн лехамаш: говзарийн доккхачу декъан турпалхой йуьхьанцарчу классийн дешархойн нийсархой бу, церан дуьне довзарца босту программехь билгалбина культурно-историн кхетамаш. Программи йукъайахийтина тайп-тайпанчу заманашкахь берийн дуьне гойту а, церан кхиаран некъаш а, амал йахчайалар а, оьздангаллин къилбанаш кхолладалар а гойту говзарш; говзарш харжаро дешархочунна таро ло историн тайп-тайпанчу муьрашкахь нохчийн культура шен нийсархочун бӀаьргашца ган. Программехь ладамечу барамехь йелла кхузаманан авторийн говзарш а йу, цара шайн кхоллараллехь кхидӀа хьо нохчийн литературин къоман ламасташ, и говзарш кхузаманан дешархочунна гергара йу.
3. Къоман башхаллин хиламаш искусствон кхечу гӀирсашца гайтина говзарш а хаьржина, цо таро ло дешархошна нохчийн културехь искусствийн диалог гайта.

Цхьадолу декхарш кхочушдан лерина дешаран материал хаьржина гуманизнам, исбаьхьаллин а, довзаран а мехаллийн, кхеташ хиларан, жигараллин, поликультурин, ламасталлин классикин а, кхузаманан бараман цхьаьнадаран, тематикин, кепийн-жанран тайп-тайпаналлин критеришца йогӀуш.

Программо билгалбечу йешаран гуоно таро ло тайп-тайпанчу хенийн а, къаьмнийн а говзарийн куьзганахула беран дуьненехьежаман гураш жим-жимма шордан.

Программехь и масех бухедилларца билгалбо. Хьалхара шиъ доьзна ду йешаре ойла а, йешаран техникин хаарш кхиоран хьелаш а кхолларца. Иштта, и хаарш кхиоран йуьхьанцарчу муьрехь уггаре а хьалхарчу рогӀехь йу байтийн а, прозин а йух-йуха олуш дешнаш, дешнийн цхьаьнакхетарш предлодрениш, абзацаш йолу teксташ (йешаран техникин говзалла кхиочу

хенахь мехала долчу йешаран кхиаме хилар тардалийтаран Іалашонца); ткъа иштта кхиаме ду забаре чулацам болу сихха хазахетар йа велар кхолладолуьйту тексташ лелор а, (хIунда аьлча, цу хенахь забар йевзаш хиларо эстетикин синхаамаш гучубахар кхиадо) йешаран мукъам кхиоран Іалашонца. Дешаран хIора шеран тексташ схьахаьржина йу цу хенан берашна тIелаца ата хилар тидаме а оьцуш. Текст схьахаржаран кхидолу бухедахкарш доьзна ду исбаьхьаллин дешан фольклорна кепашкара авторийн литературе кхаччалц кхиаран логика ларйаран цаторийла хиларца; билггала долу оьздангаллин а, эстетикин а декхарш кхочушдан цаторийла хиларца, царах коьртаниш билггал йолчу оьздангаллин-эстетикин концепцига доьрзу, и концепци дешара деа а шарахь кхиош схьайалайо; жанрийн а, тематикин тайп-тайпаналла хилийтаран кхачойаран а, фольклоран а, авторийн говзарийн а, вайн мехкан а, дозанал арахьарчу йаздархойн говзарийн а, берийн литературин классикийн а, XX-чу бIешеран чаккхенан – XXI-чу бIешеран йуьхьан кхузаманан берийн йаздархойн говзаршна йукъахь а барам ларбаран а цаторийла хиларца.

Йешаран гIуллакх кхиоран процессан чоьхьарчу логикица доьзна, «Литературни йешар» курс шинатIегIанехь хIоттийна йу.

Хьалхарчу тIегIанехь хьалхадаккха дезарг йешаран корматалла шарйар ду, шолгIачу тIегIанехь – дешархошна литературин говзалла карайерзор. I-2-чу классашкахь йеша Іамадо; кхетар тIехь, нийса йешарна, сиха а, къаьсташ а йешарна тIехь болх; йешначун кхоллараллин маьIна дан тайп-тайпана некъаш кхиор (графикин, дешан а, музыкин а иллюстрировани, драматизаци, ма-йарра а, йукъ-йукъара а, кхоллараллин йухасхьайийцар). Цуьнца цхьаьна йуьхьанцарчу классашкахь дIаболабо йуьхьанцарчу классийн дешархойн литературин дешара тIехь болх.

«Литературни йешар» предмет Іаморан шолгIа тIегIа 3-4 классашна кхочу, цигахь йеша хааро зазадоккху, эстетикин йешаре а, талламан йешаре а декъа а луш.

«Литературин йешар» программа хIотточу хенахь тидаме эцна школал хьалхьалхарчу педогогикин а, йукъарчу йукъардешаран школашна леринчу «Нохчийн литературехула герггарчу белхан программин» зIейалорах а.

Программо таро ло йалийнчу спискера говзарш дешархойн кечаман тIегIанца догIуш харжа, ткъа иштта курсан чулацаман вариативни компонент харжа а, белхан программашкахь и кечйаро могуьйту тематикица а, проблематикица а герга йолчу говзаршкахь къоман башхаллаш а, йукъара дерг а къасторан Іалашонца Россин халкъийн литературе кховдар. Ткъа иштта программо таро ло Іаматийн авторшна йа дешаран цхьаьнакхетараллашна вариативни декъехь Іамон говзарш харжа.

Классашка бекъначу Іаморан чулацамна улле тоьхна Іаморан процессан гIуллакхаллийн хIара тIедузарш ду.

**ЛадогIар**

Нохчийн меттан хьоле хилар а, къоман культурин мехаллаш

а гойтуш йолу исбаьхьаллин говзарш лерсица схьалацар а, царах кхетар а; лерсино схьалаьцначу текстах лаьцна деллачу хаттаршна жоьпаш дала хаар а, лерсино схьалаьцначу текстан чулацамца хаттарш дан хаар а.

**Йешар**

*Хезаш йешар*. Дешдакъошца йешарна тІера жим-жимма довлуш дийнна дешнаш шера а, кхеташ а деша хаарна тІедовлар (текстах кхета таро лучу йешаран индивидуальни боларца догІуш йешаран чехкалла (масалла). Йешаран орфоэпически барамаш ларбар. Кепана а, тайпанна а цхьатера йоцучу текстийн маьІнийн башхаллаш аз айдеш хийцарца схьагайтар.

*Дагахь йешар***.** Барамца а, жанраца а тІелаца аттачу говзарийн маьІнех дагахь йоьшучу хенахь кхетар. Йешаран тайп-тайпанчу кепийн башхаллех кхетар.

*Халкъан барта кхолларалин говзарш йешар:* нохчийн фольклоран текст къоман ламастийн а, мехаллийн а хьоста санна.

*Исбаьхьаллин говзарийн teксташ йешар,* шайна чохь бІеннаш шерашкахь схьайеана йолу къоман синкхетамна ладаме йолу гІиллакх-оьздангаллин мехаллаш а гойтуш йолу: Даймахке безам, тешам, нийсо, сий, къинхетам, догдикалла, догцІеналла, къинхегамна тІера хилар, бакъо, майралла, и. кх.дІ. Нохчийн къоман ламасташ: цхьаалла, вовшийн гІо дар, хьаша-да тІелацар, и. кх.дІ. Доьзалан мехаллаш: баккхийнаш ларар, «нана», «да», «дада», «баба», «йиша», «ваша» бохучу дешнийн мехалла, вовшийн ларар, безам, вовшех кхетар, терго, собар, да-нана ларар. Нохчийн литературехь халкъан ламасташ а, Іадаташ а гайтар.

*Нохчийн бераллин дуьне:* кхиар, гонахарчу дуьненаца, баккхийчаьрца, нийсархошца йолчу йукъаметтигийн башхалла; ша нохчийн Іадаташ дІакхоьхьург а, орамашца зІе а хиларх кхетар. Турпалхойн леларийн синхаамийн-оьздангалилн мах хадор.

Нохчин литерурин башхаллех кхетар: турпалхочун чоьхьара дуьне деллар, цуьнан лазамаш бовзар; оьздангаллин проблемашка кховдар. Іаламан дуьненах болу нохчийн къоман поэтически хьежам (малхе, арене, хьуьне, хига, ломе, дитте, дийнатийн дуьнене, и.кх.дІ.) нохчийн поэзехь а, прозехь а. Гонахарчу дуьненан хьал адаман синхаамашца дустар.

*Хаамийн тексташ йешар*: говзаршна историко-культурин комментарий, Іамочу говзарийн авторийн биографех къаьстина хаамаш.

**Къамел дар (къамел даран культура)**

*Диалоган а, монологан а къамел.* Йешна тексташ коллективехь йийцаре йарехь дакъалацар, текстана тӀе а тийжаш, шен хьежам тӀечӀагӀбар; нохчийн исбаьхьаллин литературин специфика гойтуш долу аларш. Дешнийн тӀаьхьало йузар (дешнаш хаар тӀедузар). Хезна йа йешна йолу текст коьртачу дешнашна а, текстана йолчу иллюстрацишна а тӀе а тийжаш, схьайийца (текст ма-йарра, йоцца, харжамца схьайийцар).

Дешаран хьелашкахь къоман къамелан культурин бухехь йолу гӀиллакхан кепаш а, чӀагӀйелла формулаш а, хьасене хиларан принципаш а ларйар.

Дешархойн харжамца байташ дагахь йийцар.

**Йоза (йозанан къамелан культура)**

Іамочу говзаршкахь хӀиттийнчу проблемашкахула доцца йозанан аларш кхоллар (кечдар).

**Библиографин культура**

Йийцаре йечу проблематикица йогӀу киншкаш харжар, цу йукъайогӀу Іаматехь йалийна йолу шаьш йеша билгалйина говзарш. Нохчийн культурех хаамаш болу дешархойн хенаца йогӀучу дошамех а, энциклопедих а пайдаэцар.

**Литературоведенина йукъадалор**

Текстан анализ йечу хенахь Іамийнчу литературин кхетамех пайдаэцар.

Іамочу говзарийн жанрийн тайп-тайпаналла: фольклоран кегий а, йаккхий а кепаш; литературин туьйра; дийцар, притча, байт. Прозин а, поэзин а къамел; исбаьхьаллин кхоллар; сюжет; тема; говзаран турпалхо; портрет; пейзаж; ритм; рифма. Дустарийн а, метафорийн а къоман шатайпаналла; исбаьхьалин къамелехь церан маьӀна.

**Дешархойн кхоллараллин гӀуллакх (Іамийнчу литературин говзарийн буха тӀехь)**

Дешархойн кхоллараллин гӀуллакххехь литературин говзаран маьӀна дар: ролашца йешар, инсценировка йар; хьасене хиларан декхарш тидаме а оьцуш (тайп-тайпанчу адресаташна) исбаьхьаллин говзаран буха тӀехь шен барта йа йозанан текст кхоллар; говзарна йолчу иллюстрацишна, нохчийн художникийн суьртийн репродукцишна тӀе а тийжаш.

**«Ненан (нохчийн маттахь) литературни йешар» дешаран предметан программа карайерзоран кхочушдан лору жамІаш**

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» предмет «Ненан мотт а, ненан маттахь литературни йешар а» предметан декъехь Іаморан жамІаш цхьаьнадогІуш ду йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан стандартехь билгалйинчу дешаран предметан программа карайерзоран кхочушдан лоручу жамІийн лехамашца.

ЛИЧНОСТНИ ЖАМІАШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» предмет Іаморан жамІаца дешархо кхочур ву кхетош-кхиоран гІуллакхан кху дакъошкахь хила дезачу хІокух жамІашка:

***гражданско-патриотикин кхетош-кхиорехь:***

— Шен Даймахке – Россига а – шен жимчу Даймахке – Нохчийн Республике (Нохчийчоьне) а безам кхоллабаларе, цу йукъадогІу и безам мехкан а, Даймехкан а культура а, истори а йовзуьйтуш йолу исбаьхьаллин говзаршкахула кхоллар;

— Шен этнокультурин а, Россин гражданаллин а идентичностах кхетар а, нохчийн мотт Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а, шен ненан мотт а хиларх кхетар;

— Шен мехкан а, Даймехкан а дІадаханчун а, карарчун а, хиндолчун а ша дакъа хиларх кхета, цу йукъадогІу исбаьхьаллин говзарщца болх бечу хенахь и хьелаш дийцаре дар;

— Шен а, кхечу а къоме ларам хилар, цу йукъадогІу и ларам исбаьхьаллин говзарийн а, фольлоран а масалш тІехь кхоллар;

— адамах йукъараллин цхьана декъашхочух санна болу а, бакъонех а, жоьпаллех а, стаг ларарх а, ларамах а, гІиллакх-оьздангаллин барамех а, йукъаметтигех болу а йуьхьанцара хьежам, цуьнца цхьаьна иза фольклоран а, исбаьхьаллин а говзаршкахь гайтар а;

***ийманехь кхетош-кхиоран:***

— хІора стеган шатайпаналла, шен дахаран а, йешаран а зеделлачунна тІе а тийжаш, тІелацар;

— къинхетам, ларам, диканиг лаар гайтар, цуьнца цхьаьна шена хетарг а, синхаамаш а бовзийта меттан гІирсех пайдаэцар; кхечу адамийн синхаамашна сема хилар, царах кхетар, церан гІо лаца кийча хилар;

— кхечу адамашна дегІана а, сина а зен дан тІехьажийна долу цхьа а хІума тІецалацар (цу йукъахь ду маттаца деш долу зен а);

— нийсархошца болх бар, девне ца хила хаар а, Іоттабаккхаме меттиг нисйелча, и листа хаар а, цу йукъахь ду исбаьхьаллин говзарех масал эцар а;

— **эстетикин кхетош-кхиорехь:**

— исбаьхьаллин культурин ларам бар а, и йовза лаар а, шен къоман а, кхечу къаьмнийн а искусствон тайп-тайпана кепаш тӀелацар а, цаьрга ларам хилар а;

— исбаьхьаллин гӀуллакхан тайп-тайпанчу кепашкахь ша гайта лаар, цу йукъахь йу дешан говзалла а;

— **физически кхетош-кхиорехь, могашаллин а, синкхетаман а культура кхолларехь а:**

— тӀетоьхна хаамаш лохучу хенахь могаш а, кхерамза а (шена а, кхечарна а) долчу дахаран бакъонаш (цу йукъайогӀу хаамийн кхерамазалла) ларйар;

— къамел дечу хенахь дегӀан а, синкхетаман а могашаллица кхоаме хилар, къамелан культура а, тӀекаренан бакъонаш а ларйар;

***къинхьегаман кхетош-кхиор:***

— стеган а, йукъараллин а дахарехь къинхьегам мехала хилар кхетар (цу йукъахь ду исбаьхьаллин говзарех масал эцар а), къинхьегаман стоьмийн тӀалам бар, болх баран тайп-тайпанчу кепашкахь дакъалацар, исбаьхьаллин говзаршкара масалш дийцаре дечу хенахь тайп-тайпана говзаллаш карайерзон лаар;

***экологин декъехь кхетош-кхиор:***

— teксташца болх бечу хенахь кхоллалуш долу Ӏаламаца кхоаме хилар;

— цунна зен деш долу хӀума тӀецалацадалар;

***Ӏилманан хаарийн мехалла:***

— дуьненах болу Ӏилманан хьежам кхоллабалар (сурт хӀоттар), цуьнан цхьа дакъа ду литературоведчески кхетамаш Ӏаморан процессехь а;

— хӀума довза лаар, жигаралла, хӀума дагадар, хааршна сутара хилар, хӀума довза лаарехь шен ойла хилар, цу йукъахь ду исбаьхьаьллин говзарш йеша лаар а, шен йешаран гуо хоржучохь жигара хилар а, ша и харжар а.

МЕТАПРЕДМЕТНИ ЖАМӀАШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» предмет Ӏаморан жамӀаца дешархойн кхоллалур ду дешаран довзаран хӀара хаарш.

***Коьрта маьӀнийн дараш:***

— тайп-тайпана teксташ вовшашца йуста, тесташ йустарна бухе дахкарш билгалдан, тера йолу teксташ билгалйан;

— билггалчу цхьана башхаллашца teксташ цхьаьнатоха;

— кицанийн, аларийн, фразеологизмийн классификаци йархьама кхачаме хир йолу билгало билгалйан;

— хьехархочо шайна хьехначу тидам баран алгоритмаца тексташкахь цхьаьнадар а, цхьанацадар (бIостаналла) а карон; текстан анализ йарехь кхочушдарийн алгортиман анализ йан, текстан анализ йарехь шаьш кхочушйийр йолу дешаран операци харжа;

— хьехначу алгоритман буха тIехь декхар кхочушдан оьшу хаамаш кхачо йолуш цахилар билгалдан, тIетоьхна хаамаш лахар билгалдан;

— текстан анализ йечу хенахь бахьанийн-тIаьхьалонан зIенаш билгалйан, жамIаш дан.

***Коьрта талламан дараш:***

— педогогикин белхахочун гIоьнца Iалашо билгалйан, къамелан хьоле хьаьжжина, шен вистхилар хийцаран план хIоттон;

— тIедиллар кхочушдаран масех кеп вовшашца йуста, мелла а йогIуш йерг (схьайеллачу критерийн буха тIехь) харжа;

— схьайеллачу планаца чолхе боцу жима таллам дIабахьа, схьайеллачу планаца проектан тIедиллар кхочушдан;

— жамIаш дан а, текстан маьIнийн анализ йаран буха тIехь долчу тоьшаллашца уьш тIечIагIдан а;

— схьайелла йолчу текстан материалан анализ йаран процессехь хьехархочун гIоьнца хаттарш хIиттон;

— цхьатерачу йа цхьатера догIучу хьелашкахь процесс дIайахаран а, хиламийн а, церан тIаьхьалонан а хила тарлуш долчун сурт хIоттон.

**Хаамашца болх:**

— Хаамаш схьаэцаран хьоста харжа: оьшу дошам, лохуш болу хаам карорхьама оьшу куьйгалла, тIечIагIдархьама;

— Схьайеллачу алгоритмаца догIуш, даррехь схьабелла хаамаш билгалдинчу хьостанехь карон: дошамашкахь, куьйгаллашкахь;

— Хаамаш бакъ йа харц хилар шайна гучудала йа хьехархочо билгалдинчу хьостанан буха (дошамашкахь, куьйгаллашкахь, Iаматехь) тIехь карон;

— Баккхийчийн (педагогикин белхахойн, дай-нанойн, бакъо йолчу векалийн) гIоьнца Интернетехь хаамаш лахаран кхерамзаллин бакъонаш ларйан;

— Дешаран декхарщца догIуш, текстан, графикин, видео, озан хаамаш кечбан;

— Таблицийн а, схемийн а кепехь балийнчу хаамех кхета; тексташца бинчу белхан жамIаш гайтархьама шаьш таблицаш а, схемаш а хIиттон.

Йуьхьанцарчу школехь дешар чекхдолучу хенахь дешархочун кхоллало **коммуникативни** дешаран дараш.

***ТIекаре:***

- Бевзачарна йукъахь тIекаре хиларан Iалошонашца а, билламашца а догIуш, синхаамаш бовзийта а, хетарг тIелаца а, и цхьана кепе дерзон а;
- Шеца къамел дечуьнца лараме хила а, диалог а, дийцаре дар а дIадахьаран бакъонаш ларйан;
- Тайп-тайпана хьежамаш хила йиш йолуш хилар тIелаца;
- Шена хетарг нийса а, бух балош а довзийта;
- ХIоттийнчу Iалашонца догIуш шен къамел дIахIоттор;
- Къамелан хьолаца догIуш барта а, йозанан а тексташ кхолла (довзийтар, ойлайар, дийцар);
- Шимма цхьаьна а, тобанца а бинчу белхан а, тидаман а, кхочушбинчу жимчу талламан а, проектан тIедилларан а жамIех лаьцна доцца къамел кечдан;
- вистхиларан (къамелан) текстана гайтаман материал (дехкина суьрташ, даьхна суьрташ, плакаташ) кечйан (къастон).

***Цхьаьна кхочушден гIуллакхаш:***

- йоццачу а, йехачу а ханна лерина Iалашонаш (цхьаьна кхочушдаран декхаршкахь дакъалацар тидаме оьцуш индивидуале) хьехархочо йалийнчу план хIотторан кепан буха тIехь стандартан хьолехь, йукъара гIулчаш а, хенаш а дIасайекъар;
- цхьаьна болх баран Iалашо тIелаца, и кхочушйарехь дан дезарг цхьаьна вовшахтоха: ролаш дIасайекъа, цхьаьна беш болчу белхан процесс а, жамI а дийцаре дан;
- куьйгалла дан, тIедиллар кхочушдан, ладогIа, хIоьттина хьал ша листа кийча хилар;
- шен белхан дакъа жоьпалле кхочушдан;
- йукъарчу жамIе ша диллинчу декъан мах хадон;
- схьаделлачу масалшна тIе а тийжаш, цхьаьна вовшахтоьхна проектийн тIедахкарш кхочушдан.

Йуьхьанцарчу школехь дешар чекхдолучу хенахь дешархочун кхоллало **регулятивни** дешаран дараш.

***Шен низам хилар:***

- жамI хилийтархьама дешаран декхарш кхочушдарехь шен гIуллакхийн план хIоттон;
- ша билгалдинчу кхочушдарийн рогIалла хIоттон.

***Шаталлар:***

- дешаран гIуллакхан кхиаман/эшаман бахьанаш

билгалдан;
— къамелан гIалаташ а, текстан анализ йарца доьзна гIалаташ а дIадахархьама шен дешаран кхочушдарш нисдан;
— текстийн анализ йарехь хIоттинйчу декхарца жамI дуста;
— тексташца болх бечу хенахь далийтина гIалат карон;
— шен а, шеца цхьаьна доьшучеран а кхочушдарийн жамIаш дуста, схьайеллачу критеришца церан богIу мах хадон.

**ПРЕДМЕТАН ЖАМIАШ**

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» дешаран предмет деа шарахь Iаморо кхочушдан дан деза:

Iамочу маттахь йолчу литературин Россин Федерацин цхьаъйолчу културин шораллехь а, Россин Федерацин халкъийн литератураш йукъахь а, в сохранении и передаче от поколения к поколению историко-культурин, оьздангаллин, эстетекин мехаллаш Iалашйарехь а, цхьана тIаьхьенера вукху тIаьхьене йаларехь а йолчу меттигах а, ролах а кхетар:

- Исбаьхьаллин литература искусствон (дешан искусствон) цхьа башха дакъа санна, тIелаца;
- Дешан кхоллараллин говзарш искусствон кхечу кепашца (суртдиллар, музыка, суртдаккхар, кино) цхьаьнайуста;
- Тайп-тайпанчу къаьмнийн литератураша вовшашца цхьаьна болх бarх а, вовшашна тIеIаткъам барх а, Россин Федерацин субъектан культурин а, гIиллакх-оьздангаллин а, эстетикин а йуьхь кхолларехь къоман фольклоро а, исбаьхьаллин литературо а лоцучу декъах йуьхьанцара хьежам (хаарш) хила;
- Россин Федарийн къаьмнийн а, дуьненан къаьмнийн а исбаьхьаллин говзарш йустучу хенахь йукъара дерг а, башха дерг а карон;

1) МаьIна даран йешар карадерзор а, литературин теорин коьртачу элементийн маьIнех а, ойланех а кхетар:

- МаьIна даран хезаш йешаран техника карайерзор (дешаран тайп-тайпана декхарш а, киншкица хьан-сан хиларан хьогамах садузоран а Iалашонца тайп-тайпанчу кепийн, жанрийн, тIехьажорийн текстийн маьIнех кхета а, тIелаца а, маьIна дан а тар луш долу нийса шера йешар, йешар ладогIархоша кхеташ тIелацар);
- МаьIна даран дагахь йешаран техника карайерзор (йешначун маьIнех а, чулацамах а кхетар, хаамийн мах хадор, текстан маьIна нийсад даран а, и тIелацаран а кхачаме хиларна тIехь тергам латтор);
- Фольклоран говзарийн кегий жанраш вовшах къастон (фольклоран кегий жанраш, туьйранаш, легендаш, мифаш);
- Шен къоман фольклоран говзарийн коьртачу маьIнех а,

тIехьажорах а кхета (хазахетар дан, Iамон, ловзарехь пайдаэца), шен къоман (кхечу къаьмнийн) туьйранийн, хIетал-металийн, кицанийн, аганан иллийн масалш далон;
- Гергарчу меттанийн фольклоран говзарш вовшашца йуста (тема, коьрта тема, турпалхой);
- Говзаран цIе цуьнан темица (Iаламах, историх, берех, диканах, вонах) цхьаьнайалон (йуста);
- Шен къоман (кхечу къаьмнийн) берийн литературин исбаьхьаллин йоца жанраш вовшех къастон – байт, дийцар, басня;
- йешначу литературин говзаран анализ йан: тема, коьрта Iалашо, хиламийн рогIалла, исбаьхьаллин вастийн гIирсаш билгалбан;
- текстан чулацамехула хаттаршна жоьпаш дала;
- текстехь ненан меттан суртхIотторна а, вастийн а гIирсаш карон (эпитеташ, дустарш, олицетворениш);

2) тестехь беллачу хаамах кхетарна а, тIелацарна а Iамор, дешархойн йешаран а, эстетикин а чам кхоллар:
- тайп-тайпана (исбаьхьаллин, Iилманан, куьйгаллин) тексташ йешаран Iалашо билгалйан;
- йешаран хьагам йухатоха (кхочушбан), хаамаш карон, хаарийн гуо шорбан;
- Iаморан а, практикин а декхарш кхочушдархьама, йешаран тайп-тайпана кепаш (довзаран, таллаpан, къастийна, лахаран) карон;
- Текстана хаттарш хIиттон, и схьайиийцаран а, изложени йазйаран а план хIоттон;
- Шаьш йеша лаам гайтар, авторан цIарна, говзаран жанрана, киншкина йолчу иллюстрацина тIе а тийжаш, шайн йешаран сатийсар билгалдар;
- Фольклоран говзарш ролашца йеша, уьш драме йерзорехь дакъалаца;
- Нийсархошца долчу литературин темина дийцаре даршкахь дакъалаца, шайн хьежамийн бух балон;
- фольклоран материала тIехь тIехь кхоллараллин белхан кхочушбан (туьйранан чаккхе, хIетал-метал кхоллар, дакъалоцуш верг (турпалхо) хийца а хуьйцуш, схьайиийцар).

**4-чу классехь дешар чекхдолучу хенахь** дешархочунна **Iемар ду:**
- амал кхиарехь а, шен культура билгалйаларехь а нохчийн литературин мехаллех кхета;
- исбаьхьаллин текстан турпалхойн позицеш билгалйан, исбаьхьаллин текстан авторан позицеш билгалйан;

- нохчийн литературин говзарш йешаран процессехь йешаран говзалла лакхайаккха: хезаш а, дагахь а йеша, исбаьхьаллин а, Іилманан а, дешаран а текстийн маьІна даран а, анализан а, хийцаран а коьрта кепаш карайерза а;
- къамел шардархьама нохчийн литературин говзарш йешаран зеделлачух пайдаэца: ладоьгІна/йешна текст йийцаре йарехь дакъа, цу текстана тІе а тийжаш, шена хетарг тІечІагдІан а, бух балон а; йешначун йа ладоьгІначун чулацам текстан кепе хьаьжжина, схьайийцаран (йерриге йа йоцца) кепехь бовзийта; йешначу говзарийн буха тІехь барта дийцар хІоттон, хьасене хиларан декхарш тидаме а оьцуш (тайп-тайпанчу ладогІархошна);
- оьшуш йолу литература ша харжа, шен йешаран гуо кхолла а, шорбан а;
- текстах кхетархьама а, кхин сов хаамаш бовзархьама а куьйгаллин хьостанех пайдаэца.

**«Къамелан а, йешаран а гІуллакхан кепаш» дакъа:** аудировани, хезаш а, дагахь а йешар, текстан тайп-тайпанчу кепашца болх бар, библиографически культура, исбаьхьаллин говзаран текстаца болх бар, къамелан тІекаренан культура.

**Дешна волучунна хуур ду**:

• довзаран а, бІаьргтохаран а, хаьржинчу а, талламан а йешаран процесссехь дагахь йеша;

• говзаран тема а, коьрта ойла а билгалйан; текст маьІнийн дакъошка йекъа, текстан план хІоттон а, йухасхьайийцарехь цунах пайдаэца а; текст йоцца а, ма-йарра а йухайийца;

• классехь Іамийнчу литературин коьртачу говзарийн чулацам бовзийта а, церан авторш а, цІерш а билгалйан а;

• «СтелаІад» цІе йолчу берийн журналан коьрта чулацам бийца (рубрикийн тІегІанехь);

• говзарийн турпалхойн амалийн мах хадон; цхьана а, тайп-тайпанчу а говзарийн турпалхойн амалш вовшашца йуста; авторна турплахочуьнга болу хьежам билгалбан;

• байтин говзарш йа цу йукъара кийсакаш (харжамца) дагахь йеша, йешаран хотІах льацна классерчара олург паргІат тІелаца;

• литературин говзарх йа турпалхочух ша аьллачунна бух балор, говзара йуккъерчу фрагменташца йа къаьстинчу могІанашца и тІечІагІдан;

• элементашца киншка йовза (автор, цІе, титульни агІо, «Чулацам» агІо, аннотаци, иллюстрациш);

• къаьстинчу говзарна а, говзарийн гуларна а аннотаци хІоттон;

• тайп-тайпан декхарш кхочушдаран Іалашонца библиотекехь ша киншка харжа (магийнчу спискаца йешар; билггалчу темина барта хаам кечбар);

• йешначу говзарийн турпалхойн мах хадор довзийта, классерчарна хетарг гӀиллакхехь тӀелаца;
• хааман тайп-тайпанчу хьостанашца ша болх бан (дошамаш а, тайп-тайпана справочникаш а йукъалоцуш).

**«Литературоведина йукъавигар» дакъа:** рифмийн кепаш къастор, халкъан кхоллараллин а, авторийн литературин а говзарийн жанрийн башхаллаш къастор, текстехь литературин приемаш (дустар, олицетворени, контраст, гипербола, и. кх. дӀ.) йовзар а, царах пайдаэцаран бахьанех кхетар а.

**Дешна волучунна Ӏемар ду:**
• исбаьхьаллин культурин кхиаран коьрта некъ ган: халкъан кхолларалли тӀера авторийн кепашка кхаччалц;
• халкъан говзарш авторийнчарах къастон;
• авторийн литературехь исбаьхьаллин вастийн гӀирсаш карон а, вовшах къастон (дустар, олицетворени, гипербола («даздар» олу), контраст, йух-йуха алар, рифмин тайп-тайпана кепаш) а.

**Дешна волучун ша бечу, шимма цхьаьна бечу, тобанца йа массара цхьаьна бечу белхан процессехь Ӏама таро хир йу:**
• дуьненан халкъийн, нохчийн а, оьрсийн а туьйранашкахь мифашкахула дуьне дуьне довзаран башхаллаш;
• байтан маьӀнин а, поэта хаьржинчу байт кхолларан кепан а зӀе карон (классикин а, кхузаманан а поэзин масалш тӀехь);
• исбаьхьаллин говзар кхоллarexь йаздархочун (поэтан, художникан) кхоллараллин биографин ролах кхета;
• исбаьхьаллин тайп-тайпанчу кепашна (литературин, музыкин, суртдилларан) йукъайогӀу говзарш церан тематически цхьаьнайарца йуьстина ца Ӏаш, церан авторийн дуьнене хьежаман буха тӀехь (говзарехь гайтина йолу ойланаш) а йуста йиш йолуш хилар.

**«Дешархойн кхоллараллин гӀуллакхан элементаш» дакъа:** ролашца йешар, барта дешнашца суртдиллар, репродукцишца болх, шаьш тексташ кхоллар (йазйар).

**Дешна волучун шаьш бечу, шимма цхьаьна бечу, тобанца йа массара цхьаьна бечу белхан процессехь Ӏама таро хир йу:**
• байтийн а, прозин а текст хезаш йеша:
• классерчаьрца литературин а, суртдилларан а, музыкин а говзарш царна тӀехь гайтинчу ойланийн, синхаамийн, сагатдарийн хьежамца йийцаре йар;
• барта а, йозанца а (аларца а/йа йоццачу сочиненица) литерутурин а, суртдилларан а, музыкин а говзарш йийцйаре йечу хенахь шайн хилла ойланаш а, тидамаш а бовзийта.

**Довзаран дешаран дарийн декъехь дешна волучунна Ӏемар ду:**
• текстаца паргӀат болх бан: талла билгалйинчу аспектах хаамаш билгалбан хаа, билгалйина аспект сацон; талламан аспект сихха хийца хаа;
•карарчу дешаран киншки тӀехь а, коплектан кхечу киншкахь тӀехь а паргӀат хӀума лаха; дешаран дошаман корпусех пайдаэца, школин библиотекин

фондехь лаха; оьшу хаамаш лаха а, дешаран тайп-тайпанчу Iалашонашкахь цунах пайдаэца а;

• хаамийн тайп-тайпанчу хьостанашца паргIат болх бан (текстан кепехь, суртдилларан я музыкин говзаллехь санна схьагайтинчу).

**Коммуникативни дешаран дарашкахь дешна волучунна Iемар ду**:

а) цхьаьна болх бар санна, хьасене хиларан гурашкахь:

• дешаран кооперацин тайп-тайпанчу кепаш (шимма цхьаьна бен болх, жимачу тобанехь болх, йоккхачу тобанехь болх) а, социалан тайп-тайпана ролаш (дIахьошверг а, кхочушдийриг а) а;

б) зIе хиларан гурашкахь хьасене хилар санна:

• схьабовзийтинчу хьежамийн а, агIонийн башхаллийн бухе дилларх кхета а, царах цхьахдолчунна тIетан а, йа шен хьежам дIабовзийта а хаа.

**Цхьана къепене дерзийнчу дешаран кхочушдарийн декъехь дешна волучунна Iемар ду:**

• ша-шен тидам бан а, болх дIабахьарна а, кхочушхиллачу жамIана а тIехь тидам бан а.

**Амал кхиаран дешаран кхочушдарийн декъехь дешна ваьллачун Iама таро хир йу:**

• шен леларан культура а, дуьненах кхетар а кхолладаралехь литературин йешаран мехаллах кхета; • шен оьздангаллин-этически къилба цхьана хорша дерзон (говзарийн анализ йаран новкъахь а, церан хьокъехь къамел дечохь а эхь-бехкан мах хадон а, харжам бан а зеделарг гулдан).

## ТЕМАТИКИН ПЛАН ХIОТТОР

| **Дакъойн чулацам** | **Дешархойн гIуллакхан характеристика** |
|---|---|
| **Хьомечу 1аламан сурт-7с** | |
| Хь. Хасаев. «Беркате аьхке<br>З. Сулейманова. «Аьхкенан сурт»<br>1.Мамакаев. «Дагалецамаш<br>З. Сулейманова. «Ч1ег1ардиг»<br>М. Мамакаев. «Гуьйре»<br>Хь. Хасаев. «Шийла 1уьйре»<br>Ш. Окуев. «Гуьйре». | • ЛадогIар: дешархоша ладугIу хьехархочо йа говзаллин диктора дIайоьшучу исбаьхьаллин тексте (таро йелахь, цу гIуллакхна оьшучу гIирсех пайда а оьцуш). ЛадоьгIначу текстах муха кхетта хьажа хаттарш.<br>• Iаморан текстаца диалог: хIиттийнчу хаттаршна жоьпаш; кхачамбацар дIадаккха шайн хьежам бовзийтар; шайна хетачун а, сацаман а бухедиллар довзийта хаар.<br>• Текстехь хIиттийнчу гIиллакх-оьздангаллин а, историко-культурин а, кхидолчу а хаттарийн анализ йар; гонахарчу бакъдолчун хьежамца царна жоьпаш лаха хаар. |
| **Вайн Даймехкан д1адахначунна т1ера-9с** | |
| Таймин Биболатан илли<br>Эла Мусосттий, Адин Сурхой.<br>Эла Мусосттий, Адин Сурхой.<br>Астаг1а Тимар<br>Астаг1а Тимар<br>Гайсултанов. «Йуург ца хилча»<br>Гайсултанов. «Йуург ца хилча»<br>П. Хатуева. «Къонах хьанах олу?». | • ЛадогIар: дешархоша ладугIу хьехархочо йа говзаллин диктора дIайоьшучу исбаьхьаллин тексте (таро йелахь, цу гIуллакхна оьшучу гIирсех пайда а оьцуш). ЛадоьгIначу текстах муха кхетта хьажа хаттарш.<br>• Цадевзачу дешнашца а, аларшца а болх бар: маьIнех кхетархьама контекстан анализ йар; Iаматехь йеллачу дошамца болх бар.<br>• Исбаьхьаллин текстан анализ йар: исбаьхьаллин къегина хиларан (вастийн) а, литературин кепийн а гIирсех пайдаэцарх кхетар.<br>• Турпалхойн мах хадор: турпалхочун амалан коьрта битамаш билгалбаха хаар; церан леларца амал йовзар; турпалхойн леларийн бахьана довзийта а, церан гIуллакхийн мах хадон а хаар.<br>• Текстехь хIиттийнчу гIиллакх-оьздангаллин а, историко-культурин а, кхидолчу а хаттарийн анализ йар; гонахарчу бакъдолчун хьежамца царна жоьпаш лаха хаар. |
| **Вайн республика-Нохчийчоь - 5с** | |

| | |
|---|---|
| В. Баширов. «Сан хьоме Нохчийчоь»<br>Т. Ахмадова, 1. Алиев. «Декалахь сан илли»<br>С. Яшуркаев. «Пасха»<br>С. Яшуркаев. «Пасха»<br>М. Ахмадов. « Нохчийн хиш» | • Дагахь йешар: текст дагахь йешар, йешначух хиинарг дийцаре дан кечамбар.<br>• Хезаш йешар: текстах кхетархьама цаторийла йолчу боларца дешархойх хIорамма а хезаш йешар.<br>• Цадевзачу дешнашца а, аларшца а болх бар: маьIнех кхетархьама контекстан анализ йар; Iаматехь йеллачу дошамца болх бар.<br>• Исбаьхьаллин говзаран анализ йар: коьрта идеяш гучуйахар; говзаран план хIоттор.<br>• Турпалхойн мах хадор: турпалхочун амалан коьрта битамаш билгалбаха хаар; церан леларца амал йовзар; турпалхойн леларийн бахьана довзийта а, церан гIуллакхийн мах хадон а хаар.<br>• Схьайийцар.<br>• Текстехь хIиттийнчу гIиллакх-оьздангаллин а, историко-культурин а, кхидолчу а хаттарийн анализ йар; гонахарчу бакъдолчун хьежамца царна жоьпаш лаха хаар.<br>• Кхоллараллин болх: масала, «Маьлхан хьехам» туьйранехь айъинчу проблемин хьокъехь йоцца текст-ойлайар хIоттор. |
| **Вайга туьйранаша кхойкху-16ч** | |
| «Муьлха йоккха хилла?»<br>Чантиев.<br>«Хьекъал тоьлла»<br>А. Дадуев.<br>«Мара байна Салман»<br>«Къоьллел хьекъал тоьлла».<br>З. Джамалханов.<br>« Хьекъал долу йо1 а кхиэлахо а»<br>Махана аьлла баркалла<br>1.Гайсултанов Дашо б1араш | • ЛадогIар: дешархоша ладугIу хьехархочо йа говзаллин диктора дIайоьшучу исбаьхьаллин тексте (таро йелахь, цу гIуллакхна оьшучу гIирсех пайда а оьцуш). ЛадоьгIначу текстах муха кхетта хьажа хаттарш.<br>• Цадевзачу дешнашца а, аларшца а болх бар.<br>• Исбаьхьаллин текстан анализ йар: исбаьхьаллин къегина хиларан (вастийн) а, литературин кепийн а гIирсех пайдаэцарх кхетар.<br>• Турпалхойн мах хадор: турпалхочун амалан коьрта битамаш билгалбаха хаар; церан леларца амал йовзар; турпалхойн леларийн бахьана довзийта а, церан гIуллакхийн мах хадон а хаар.<br>• Текстехь хIиттийнчу гIиллакх-оьздангаллин а, историко-культурин а, кхидолчу а хаттарийн анализ йар; гонахарчу бакъдолчун |

| | |
|---|---|
| | хьежамца царна жоьпаш лаха хаар.<br>• Кхолларалл<br>ин болх: схьайеллачу теманашца нохчийн маттахь барта дийцар кечдар.<br>Гергарчу хьесапан теманаш: ишколехь дIахьош долу гуьйренан цхьаьнакхетарш; сан дийнат; сан хьоме деваша/дейиша (ненаваша йа ненайиша хила а тарло). |
| **Нохчийн къоман баккхий йаздархой- 11с** | |
| С. Бадуев «Со кхин хьуна декар дац.  »<br>С. Бадуев «Дуьйлало»<br>М.Мамакаев «Хьуьнхахь»<br>1.Мамакаев «Даймохк»<br>1.Гайсултанов. «Диканиг»<br>1.Гайсултанов «Цунна х1унда хаьа дерриг а?<br>Х.Эдилов «Ло дог1уш» | • Хезаш йешар: текстах кхетархьама цаторийла йолчу боларца дешархойх хIорамма а хезаш йешар.<br>• Исбаьхьаллин говзаран анализ йар: коьрта идеяш гучуйахар; говзаран план хIоттор.<br>• Текстехь хIиттийнчу гIиллакх-оьздангаллин а, историко-культурин а, кхидолчу а хаттарийн анализ йар; гонахарчу бакъдолчун хьежамца царна жоьпаш лаха хаар.<br>• Тобанехь болх: масала, шайн хIора дийнахь долчу дахарехь йоьалгIачу классан дешархоша дан йиш долу дика гIуллакхаш дийцаре дар. |
| **Сийлахь-доккхачу зеран муьрехь - 6с** | |
| Хь. Саракаев «Синтем боцу денош»<br>1.Зайнутдинов «К1ентан дуьхьа»<br>1.Ахмадов «Баьпкан йуьхк» | • Хезаш йешар: текстах кхетархьама цаторийла йолчу боларца дешархойх хIорамма а хезаш йешар.<br>• Дагахь йешар: текст дагахь йешар, йешначух хиинарг дийцаре дан кечамбар.<br>• Цадевзачу дешнашца а, аларшца а болх бар: маьIнех кхетархьама контекстан анализ йар; Iаматехь йеллачу дошамца болх бар.<br>• Исбаьхьаллин говзаран анализ йар: коьрта идеяш гучуйахар; говзаран план хIоттор.<br>• Турпалхойн мах хадор: турпалхочун амалан коьрта битамаш билгалбаха хаар; церан леларца амал йовзар; турпалхойн леларийн бахьана довзийта а, церан гIуллакхийн мах хадон а хаар.<br>• Текстехь хIиттийнчу гIиллакх-оьздангаллин а, историко-культурин а, кхидолчу а хаттарийн анализ йар; гонахарчу бакъдолчун хьежамца царна жоьпаш лаха хаар.<br>• Турпалхойн мах хадор: турпалхочун амалан коьрта битамаш билгалбаха хаар; церан |

| | |
|---|---|
| | леларца амал йовзар; турпалхойн леларийн бахьана довзийта а, церан гӀуллакхийн мах хадон а хаар. |
| **Болх бе,халкъан дуьхьа ваха-14с** | |
| 1.Гайсултанов «Йухаверза йиш яц»<br>Х.Берсанов. «Жима Зарет»<br>1.Гайсултанов.«Совг1аташ»<br>1.Гайсултанов «Ч1ег1ардиган бен»<br>С. Гацаев. «Эх1, хьо мерза илли »<br>З.Джамалханов «8-г1а Март»<br>Ш.Рашидов«Ахьа суна гечделахь»<br>1.Мамакаев»Б1аьстенан 1уьйре»<br>З.Сулейманова «Зу халхайолу» | • Іаморан текстаца диалог: хІиттийнчу хаттаршна жоьпаш; кхачамбацар дІадаккха шайн хьежам бовзийтар; шайна хетачун а, сацаман а бухедиллар довзийта хаар.<br>• Хезаш йешар: текстах кхетархьама цаторийла йолчу боларца дешархойх хІорамма а хезаш йешар.<br>• Цадевзачу дешнашца а, аларшца а болх бар: маьІнех кхетархьама контекстан анализ йар; Іаматехь йеллачу дошамца болх бар.<br>• Турпалхойн мах хадор: турпалхочун амалан коьрта битамаш билгалбаха хаар. |

# ПОУРОЧНИ ПЛАНИРОВАНИ

| Рaг1 | Урокан тема | Маса сахьт | Урок д1ахьо хан | |
|---|---|---|---|---|
| | | | планаца | билггал |
| **Хьомечу 1аламан сурт - 7с** | | | | |
| 1 | Хь. Хасаев. «Беркате аьхке | 1 | 2.09 | |
| 2 | З. Сулейманова. «Аьхкенан сурт» | 1 | 7.09 | |
| 3 | 1.Мамакаев. «Дагалецамаш | 1 | 9.09 | |
| 4 | З. Сулейманова. «Ч1ег1ардиг» | 1 | 14.09 | |
| 5 | М. Мамакаев. «Гуьйре» | 1 | 16.09 | |
| 6 | Хь. Хасаев. «Шийла 1уьйре» | 1 | 21.09 | |
| 7 | Ш. Окуев. «Гуьйре». | 1 | 23.09 | |
| **Вайн Даймехкан д1адахначунна т1ера - 9с** | | | | |
| 8 | Таймин Биболатан илли | 1 | 28.09 | |
| 9 | Эла Мусосттий, Адин Сурхой. | 1 | 30.09 | |
| 10 | Эла Мусосттий, Адин Сурхой. | 1 | 5.10 | |
| 11 | Астаг1а Тимар | 1 | 7.10 | |
| 12 | Астаг1а Тимар | 1 | 12.10 | |
| 13 | Гайсултанов. «Йуург ца хилча» | 1 | 14.10 | |
| 14 | Гайсултанов. «Йуург ца хилча» | 1 | 19.10 | |
| 15 | **Талламан болх (хьалхарчу чийрикна лерина)** | 1 | 21.10 | |
| 16 | П. Хатуева. «Къонах хьанах олу?». | 1 | 26.10 | |
| **Вайн республика-Нохчийчоь - 5с** | | | | |
| 17 | В. Баширов. «Сан хьоме Нохчийчоь» | 1 | 28.10 | |
| 18 | Т. Ахмадова, 1. Алиев. «Декалахь сан илли» | 1 | 4.11 | |
| 19 | С. Яшуркаев. «Пасха» | 1 | 9.11 | |
| 20 | С. Яшуркаев. «Пасха» | 1 | 11.11 | |
| 21 | М. Ахмадов. « Нохчийн хиш» | 1 | 16.11 | |
| **Вайга туьйранаша кхойкху – 16с** | | | | |
| 22 | «Муьлха йоккха хилла?» | 1 | 18.11 | |
| 23 | Чантиев. «Хьекъал тоьлла» | 1 | 23.11 | |
| 24 | А. Дадуев. «Мара байна Салман» | 1 | 25.11 | |
| 25 | А. Дадуев. «Мара байна Салман» | 1 | 30.11 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 26 | «Къоьллел хьекъал тоьлла». | 1 | 2.12 | |
| 27 | «Къоьллел хьекъал тоьлла». | 1 | 7.12 | |
| 28 | З. Джамалханов. « Хьекъал долу йо1 а кхиэлахо а» | | 9.12 | |
| 29 | З. Джамалханов. « Хьекъал долу йо1 а кхиэлахо а» | 1 | 14.12 | |
| 30 | **Талламан болх (шолг1ачу чийрикна лерина)** | 1 | 16.12 | |
| 31 | З. Джамалханов. «Хьекъал долу воккха стаг а, къиза эла а » | 1 | 21.12 | |
| 32 | З. Джамалханов. «Хьекъал долу воккха стаг а, къиза эла а » | 1 | 23.12 | |
| 33 | Охх1ай | 1 | 11.01 | |
| 34 | Охх1ай | 1 | 13.01 | |
| 35 | Махана аьлла баркалла | 1 | 18.01 | |
| 36 | 1.Гайсултанов Дашо б1араш | 1 | 20.01 | |
| 37 | 1.ГайсултановДашо б1араш | 1 | 25.01 | |
| **Нохчийн къоман баккхий йаздархой - 11с** | | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 38 | С. Бадуев «Со кхин хьуна декар дац. » | 1 | 27.01 | |
| 39 | С. Бадуев «Со кхин хьуна декар дац. » | | 1.02 | |
| 40 | С. Бадуев «Дуьйлало» | 1 | 3.02 | |
| 41 | М.Мамакаев «Хьуьнхахь» | 1 | 8.02 | |
| 42 | 1.Мамакаев «Даймохк» | 1 | 10.02 | |
| 43 | 1.Гайсултанов. «Диканиг» | 1 | 15.02 | |
| 44 | 1.Гайсултанов. «Диканиг» | 1 | 17.02 | |
| 45 | 1.Гайсултанов «Цунна х1унда хаьа дерриг а? | 1 | 22.02 | |
| 46 | 1.Гайсултанов «Цунна х1унда хаьа дерриг а? | 1 | 1.03 | |
| 47 | Х.Эдилов «Ло дог1уш» | 1 | 3.03 | |
| 48 | **Талламан болх (кхоалг1ачу чийрикна лерина)** | 1 | 10.03 | |
| **Сийлахь-доккхачу зеран муьрехь - 6с** | | | | |
| 49 | Хь. Саракаев «Синтем боцу денош» | 1 | 15.03 | |
| 50 | Хь. Саракаев «Синтем боцу денош» | 1 | 17.03 | |
| 51 | 1.Зайнутдинов «К1ентан дуьхьа» | 1 | 22.03 | |
| 52 | 1.Зайнутдинов «К1ентан дуьхьа» | 1 | 24.03 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 53 | 1.Ахмадов «Баьпкан йуьхк» | 1 | 5.04 | |
| 54 | 1.Ахмадов «Баьпкан йуьхк» | 1 | 7.04 | |
| **Болх бе,халкъан дуьхьа ваха - 14с** | | | | |
| 55 | 1.Гайсултанов «Йухаверза йиш яц» | 1 | 12.04 | |
| 56 | 1.Гайсултанов «Йухаверза йиш яц» | 1 | 14.04 | |
| 57 | Х.Берсанов. «Жима Зарет» | 1 | 19.04 | |
| 58 | 1.Гайсултанов.«Совг1аташ» | 1 | 21.04 | |
| 59 | 1.Гайсултанов.«Совг1аташ» | 1 | 26.04 | |
| 60 | 1.Гайсултанов «Ч1ег1ардиган бен» | 1 | 28.04 | |
| 61 | 1.Гайсултанов «Ч1ег1ардиган бен» | 1 | 3.05 | |
| 62 | С. Гацаев. «Эх1, хьо мерза илли » | 1 | 5.05 | |
| 63 | З.Джамалханов «8-г1а Март» | 1 | 10.05 | |
| 64 | Ш.Рашидов «Ахьа суна гечделахь» | 1 | 12.05 | |
| 65 | **Талламан болх (доьалг1ачу чийрикна лерина)** | 1 | 15.05 | |
| 66 | 1.Мамакаев»Б1аьстенан 1уьйре» | 1 | 17.05 | |
| 67 | З.Сулейманова «Зу халхайолу» | 1 | 19.05 | |
| 68 | З.Сулейманова «Зу халхайолу» | 1 | 24.05 | |